

## The mysterious Giant of Barletta



Nan yon ti vil ann **Italy** yo rele **Barletta** devan legliz "**San Sepolcro**" te genyen yon gwo estati yon ti gason. Pèsonn pa konn ki kote li sòti ni depi kilè l la. Estati sa te sanble li la lontan.

Fi ki pi granmoun nan vil la yo te rele l **Zia Concetta. Li** te rete an fas legliz la. Chak jou , chak nwit pou tout vi l li te konn gade estati a nan fenèt lakay ki.



Estati a te toujou la nan bon moman tankou nan move tan. Estati **Jeyan** sa a te vin kou yon **zidol** pou moun ki abite nan vil la.

Machann yo anvan yo ale nan mache toujou vin fè demand nan pye estati a, tankou mande l pou li bay yo chans pou yo fè bon **lavant**. Ti moun yo se devan estati a pou yo vin jwe, pijon te konn pose sou tèt li, ti gason yo vin bay blag, tire **kont** e vin gade bèl tifi yo kap pase. Lèswa **zanmoure** yo, se la yo kase randevou pou yo vin koze. Se te yon vil trè **trankil**, e vi la te **pesib**.

Men yon jou , yo tande gen yon lame kap mache vin kraze vil yo a! Tout moun te pè. Yo pa t gen mwayen pou yo pwoteje tèt yo paske yo menn yo pa t gen yon lame. Tout moun kòmanse ranmase **zafè** yo. Vil lan vin pa te gen vi ankò. Sèlman Zia Concetta ak **jeyan** estati a kite rete.


Zia Concetta ale pale ak ansyen zanmi la pou l di li" "Tout moun nan vil la renmen w, tanpri sove nou, sou estrad sa w kanpe a , ou kapab fè lame kab vin kraze nou a sote." Vrèman vre se sa l te fè!

Zia Concetta fè yon plan pou li sove Barletta. Li rele tout moun e li di yo vini vit gen yon *mirak* gwo estati a pral fè pou sove nou. “Se pou nou fè twa bagay: Premye bagay, pote pi gwo zonyon nou jwenn ba li. Dezyèm bagay, ale kache kò nou pou pyès moun pa wè nou, kache anba kabann, nan pandri, nan *kav*, ak nan *galta*. Twazyèm bagay la, se pa poze kesyon e kwè nan estati a.

Etan tou moun nan vil la kache, **jeyan** an al chita deyò vil la ak yon gwo zonyon ke li koupe an de mòso. **Jeyan** pran yon moso nan chak men. Lè lame a rive, yo kanpe pou yo gade gwo **jeyan** ti gason sa a k ap kriye. **Kapitèn “Minckion”** chèf lame a mande **jeyan** an pou ki sa l ap kriye. “Nou vin pou kraze peyi a. Kilès ou ye? Reponn mwen!”



**Lame**



**zonyon**



**kriye**

**Jeyan** an reponn: “Mwen nan lapenn paske lòt ti mesye nan vil la yo pa vle jwe ak mwen paske m twò piti epi m tou twò **fèb**. Yo banm non tankou **minuscolo ak debole**, yon moun ki pa gen **fòs** ak **pouvwa**. Lame a vin pè anpil. Yo tonbe mande tèt yo: si gwo tigason sa a twò piti poul jwe ak lòt ti gason yo, ki gwosè granmoun gason yo dwe ye nan vil sila a? Jeyan di: “Kòmandan, yon jou m ap montre yo, mwen pral manje anpil makaroni ak espageti pou vin gwo e **puisan** lè sa m ap kapab batay ak yo.”

Lame a pa t rete pou te wè sa. Yo kouri kite Barletta toutsuit. Gwo jeyan an jete moso zonyon yo, li seche zye li e retounen devan legliz *San Sepolcro* vil trankil sa a, kote tout moun gen kè kontan.



yon legliz



otèl



yon vil

### Mwen konprann tèsk la

1. Ki vi moun ki abite Barletta t ap Mennen?Kijan ou fè konn sa?
2. Poukisa estati a enpòtan pou moun yo?
3. Lè moun yo tandè gen yon lame k ap vin atake yo, kijan yo te santi yo?
4. Poukisa Zia Concetta al pale ak estati a?
5. Ki pwèn otè a te vle fè pase lè li di Zia Concetta ak estati mete tèt yo ansanm?
6. Kijan solda yo panse de moun yo ki ap viv nan Barletta?
7. Kisa ou panse kite komik nan istwa a?
8. Kijan iswa a fini?

### An nou reflechi sou tesk la

1. Kan tout moun pare pou yo kite vil la, poukisa Zia Concetta pa t pè li menm?
2. Poukisa estati deside ede fi a ak moun nan vil la?
3. Poukisa fi a mande moun yo pou yo pote yon gwo zonyon? Itilize detay nan istwa a pou eskplike repons ou bay la.
4. Kijan Zia Concetta ak estati sanble e kijan yo diferan?
5. Sipoze Big Cheese nan Mousopolis ta vle ede sove vil Barletta, Ki plan ou panse li ta genyen?

### Skill focus: Structural Analysis

**Explain** to students that adding the **suffixes –er or –est** to a **base word changes its meaning**. Tell them that **–er** is added to a base word **to compare two things**, and **–est** is added **to compare three or more things**. Explain that usually **–er** means **“more”** and **–est** mean **“most”**.

### **Write on the board**

Short + er = shorter	short + est = shortest
Rough + er = rougher	rough + est = roughest
Small + er = smaller	small + est = smallest

**Give students some base word and tell them to practice.**

*Sweet, wide, big, long, low,*

\*Tell student that we also use **suffix in Kreyòl**. We use the word **pi** in front of the base word.

Eskzanp: *pi dous – pi laj – pi gwo – pi long – pi ba – pi kout – pi piti*

Grade 3\_Tèm 3 : Itswa enkwayab

## Following Directions

**Explain** to students that **following directions** is used for many activities including sport, school, and cooking. Tell them that when following directions it is important to **read the steps carefully. Understand the steps**, and **finish the steps** in order. Explain that **signal words** are used to **help sequence steps**.

**Talk** about how **signal words** such as **first, next, then, after**, and **finally** help to order steps in a set of directions.

\*Have students add signal word in order in a set of directions.

-----, put two scoops of vanilla ice cream into a large glass.

-----, add a quarter cup of milk.

-----, mix the milk and ice cream together.

-----, stir in several ripe strawberries.

-----, drink the shake!

\*We also use words to follow direction in Creole like: *anvan, apresa, answit, finalman*

**Skill focus: Gramè** - What is a verb?

**Explain** to students that verbs show action. They are words that tell what someone or something does. Have them give you a list of verbs in English and in Creole.

**Skill Focus: Ekriti** Commas for Direct Address – Students identify and use commas in direct address and write a thank-you note.

**Have students write** a thank-you note for somebody in the school. Use a real situation, such as thanking the principal for visiting the class. Discuss the use of a comma after the name of the person.

## Vokabilè:

Bed , closet, cellar, attic, living room, bedroom, kitchen, bathroom , folktale, fairy tale

Kabann, pandri, kav, grenye, salon, chanm, kuizin, chanm de ben, kont popilè, istwa